Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 54 (6515) 28 ноябрь 2016 с. Итни Сафар 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Эбелалъул къо

**Щибаб соналъул ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула эбелалъул къо. Эбел. Гьеб рагIул хинлъиги, хиралъиги, тIадегIанлъиги, хIайранлъиги бичIчIуларев инсан ракьалда вижун ватиларо.**

Эбел йиго рукъалъул гъаситоялъуб цIа цIунулейги, лъикIаб тарбия кьун, жинда бихьулеб гIакъуба, захIмалъиялъухъ балагьичIого лъимал гIезарулейги, экономикиябгун социалияб рахъалъ росабалъ церетIеял рукIинариялъе гIоло хIаракатай къеркьохъанги. Улбул руго районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулелги, маданияб сахлъи цIуниялъул, лъайтарбия кьеялъул бутIабазда хIалтIулъ мисал бихьизабулелги.

Эбелалъул къо чIезаби – гьеб ккола чIужугIадан – эбелалдехун гIорхъи гьечIеб рокьи ва хIурматияб куцалда адаб загьир гьабилъун.

ХIурматиял улбул, баркула ракI-ракIалъ нужеда байрам. Биччанте, нужер щияй йохххизе ва чIухIизе нужерго лъималаздаса, бачIунгеги тIаде пашманаб къо, гьарула нужее хьизан – рукъ рекъараб, парахатаб, талихIаб гIумру, нужер лъималазе щулияб сахлъи, иман, адаб бугеллъун, нуж разияллъун гIунрачIаги гьел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## 3 декабрь – инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо

**Лъабабилеб декабралда тIобитIула инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо. Бокьун буго сакъатлъарал, жидеца къохIехьеялъул мисал бихьизабулел гIадамазе гьаризе сахлъи, роххел, халатаб гIумру. ТIалаб-агъазалъ сверун ккураллъун, кинабго рахъалъ кумек щвараллъун хутIаги районалда сакъатал гIадамал.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

## Бакълъулал регионазда гьоркьосеб руччабазул форумалда

**МахIачхъалаялда «Гьудуллъиялъул рокъоб» 23 ноябралда тIобитIана «Россиялъул букIинесеб – улбузул кверазухъ» абураб ахIиялда гьоркь регионазда гьоркьосеб форум. Руччабазул гьеб мажлисалда гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалдаса вакилзабазги.**

Мажлисалде ун рукIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановасул** нухмалъиялда, районалъул росабалъа 13 чIужугIадан. Гьезда гьоркьор рукIана лъимал гIемерал улбулги, мугIалималги, тохтирзабиги, учреждениязул ва организациязул хIалтIухъабиги.

Тахшагьаралде инелде цебе райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIун букIана «гургинаб стол». Гьелда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулайманов, ишазул управляющиясул гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвалхIалалъул рахъалъ заместитель **ГIабдурахIман Дайтмирзаев,** Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибиров** ва руччабазул мажлисалде



МахIачхъалаялде ине ругел делегатал.

ДандчIваялда кIалъазе рахъана форум тIобитIиялъул рахъалъ Гумбет районалдасан координатор, районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист **Загьра ГIабдулаева**, АхIмад Сулайманов, ГIабдурахIман Дайтмирзаев. Гьез бицана регионазда гьоркьосеб «Россиялъул букIинесеб – улбузул кверазухъ» абураб ахIиялда гьоркь тIобитIулеб форумалъул кIвараялъул, ахирияб заманалда ДРялъул хIукуматалъ руччабазул цолъиязе, гьезул жамгIиял советал гIуцIиялде кIвар кьолеб букIиналъул ва бакIазда гьеб хIалтIулъ жигарчилъи бихьизабизе ккеялъул.



Руччаби – делегатаз рорхана лъималазе хъизаналда тарбия кьеялъул, дагьго хьезарурал гражданазул ва гьезул хъизабазул рахъкквеялъе акциял районалда тIоритIизе лъикIаб букIиналъул хIакъалъулъ ва цогидалги пайдаял суалал.

Регионазда гьоркьосеб мажлисалда пачалихъияб ва жамгIияб гIумруялъулъ руччабаз жигараб гIахьаллъи гьабиялда, терроризмалда, экстремизмалда данде къеркьеялъулъ гьезул кIваралда, руччабазул ихтиярал цIуниялда, махщел щвезабиялда ва камил гьабиялда, рухIияб рахъ цебетIезабиялда хурхун церечIарал масъалабазда тIадчIей гьабунилан бицана регионазда гьоркьосеб форум тIобитIиялъул Гумбет районалдасан координатор Загьра ГIабдулаевалъ.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Тохтирзаби Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалда халгьабиялда

-2 гьум.



Гумбет районалда тIобитIана физическияб культураялъул мугIалимазул данделъи

-2 гьум.



Грэплингалъул рахъалъ Россиялъул кубок щвана

-3 гьум.



«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

-3 гьум.

ХIИСАБАЛ ВА СУАЛАЛ

## Къануналги, магIдинги, магIарул росабиги

**Килаль росдал жамагIаталъе лъагIалица гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковияв инспектор полициялъул кIудияв лейтенант ГIусман ГIусмановас. Гьесда цадахъ жамагIатгун дандчIвазе рачIун рукIана полициялъул участковиял уполномоченниязул нухмалъулев, полициялъул майор УхIумагIали Загьидов, районалъул ОГИБДДялъул нухмалъулев, полициялъул капитан Расул Ахкубегов, саназде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ инспектор, полициялъул кIудияв лейтенант МухIамад ХIусенов ва цогидалги.**

Данделъи рагьана росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас**. Гьес полициялъулазда баркана гьезул байрам ва жамагIаталъе баян гьабуна гьезул сапаралъул мурадги, щивасул хъулухъалъулал ишалги.

Жиндирго хIисабкьеялъул кIалъаялда ГIусман ГIусмановас бихьизабуна Килаль росулъ 2016 соналъ цониги кIудияб такъсир ккечIолъи, килдерил жамагIат къануназе ритIухъал гIадамал рукIин. ЛъагIалида жанив гьев щун вуго 80 цIаракиялде, гьабун буго гьезулгун бичIчIикьеялъул хIалтIи. Росдал школалда, культураялъул идарабазда тIоритIун руго дандчIваял, саназде рахинчIезул рахъалъ инспекторгун цадахъ лъималазе цIалун руго лекциял. Экстремизм, терроризмалде дандечIараб жиндирго хIалтIулъ кIудияб кумек дружинниказул щвеялъул бицана ва гьезие баркала загьир гьабуна ГIусманица.

КIалъазе вахъарав УхIумагIали Загьидовас загьир гьабуна бачIунеб соналъ дагьабги цIикIкIараб кIвар кьун ГIусмановас хIалтIи гIуцIизе букIиналда божилъи. ОГИБДДялъул нухмалъулев Расул Аххубеговас бицана росулъ машинаби хьвадизариялъул бугеб хIал. Машинабиги гьел хьвадизариги къанунازда рекъон букIине ккей.

Росдал администрациялъул бетIер АхIмад Каримовас бицана росулъ жаниб гьабулеб хIалтIулъ ГIусман ГIусмановас жигараб гIахьаллъи гьабунилан, тIоритIулел тадбираздаги, гьарулел ишаздаги гIадлу цIуниялъул рахъалъ. Данделъиялда жамагIаталъ рикIкIана участковияв инспектор ГIусман ГIусмановасул хIалтIи Килаль участкаялда гIей бугеблъун.

**Исрапил Заирбегов**

РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

## ТIад Инхоре нухал къачIана

**ТIад Инхо росдал администрациялъ Гьоркь Инхоса росулъе щвезегIан нух къачIана. Гьеб нух цIад банщинахъе иххал рачIун, цIакъго хвезабулаан. Гьебги хIисабалде босун, росдал администрациялъул бетIер МухтарахIмад МухIамадовасул хIаракаталдалъун гьениб бетон тIуна.**

Киса-кибего тIезе хIал кIвечIониги, иххалъ хвезабулел бакIазда тIуна бетон, гьорлъ сеткабиги лъун, щулаги гьабун. Кинабниги 20 машина бетоналъул тIун буго гьенибе ва бетон тIибитIизабизе рахъун руго росдал гIолохъаби, гьеб авалалда ругел киналго гIадамал. Хасалоялде цIакъ гIадамазе санагIалъи бугеб нух лъугьана гьениб.

**Исрапил Заирбегов**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

## Рагъулаб хъулухъалде – Гумбеталдаса щуго гIолилав

**Рагъулаб хъулухъалде ритIизе гIолилазул хаслихълъиялъулаб халгьаби гьаб соналъ Гумбет районалда лъикI ана. 1989 – 1998 соназда гьарурал гIолилазул 130 чи вачIине кколаан халгьабиялде, гьел киналго рачIана. Церекунго хIажатал документал хIадурун, ахIулеб заман мухIкан гьабун букIана.**

Рагъулаб хъулухъалъе ярагъунеллъун рикIкIана 120 гIолилав, заманаялъе ярагъунареллъун рикIкIана 20 чи.

Гумбет районалдаса хаслихъе Россиялъул армиялда хъулухъ гьабизе витIана щуго чи. РитIаразда гьоркьов МелъелтIаса кIиго, Игьалиса кIиго, Аргъваниса цо гIолилав вуго.

**Арсен МухIамадов,**
**ДРялъул рагъулаб комиссариаталъул Казбек ва Гумбет районазда бугеб отделалъул нухмалъулев**

ТIИБ

## Тохтирзаби Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалда халгьабиялда

**Гумбет районалъул централияб больницаялъул тохтирзабазул кьокъа саназде рахинчIезул профилактикияб халгьаби тIобитIизе ана Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалде.**

Гьеб кьокъаялда гьоркьор рукIана районалъул лъималазул тохтир **Марьям Жанахъаева**, хирург **ГIабдулбасир Жамалудинов**, ювениолог **Мадина Кьебедова**, беразул тохтир **Заира Лабазанова**, невролог **Зайнаб ГIумардибирова**, цаби-гIусазул тохтир **Юсра Шейхова**.

- Диспансеризациялъул заманалда киналго лъималазул халгьабуна тохтирзабаз. Гъоркь Инхо участковияб больницаялъул хIалтIухъабазги гIезегIанго хIалтIи гьабун батана лъималазул халгьабиялъул рахъалъ, гьелъ нижее хIалтIи хехго тIубаялъе квербакъи гьабуна, - ян абуна Марьям Жанахъаевалъ.



**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

## Гумбет районалда тIобитIана физическияб культураялъул мугIалимазул данделъи

**Гумбет районалъул школазул физическияб культураялъул мугIалимазул данделъи тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз, районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад Му-хIамадовас, физкультураялъул учительзабазул методикияб цолъиялъул нухмалъулев ХIамид ТIагьевас.**

Данделъиялда гьоркьор лъуна ГТОялъул ТIолгороссиялъул комплексалъул шартIал тIуразариялъул физкультураялъул мугIалимасул хIаракатчилъиялъул, гьединго «Президентасул хIаял тIоритIи» абурал ТIолгороссиялъул спортивиял къецал школлъималазда гьоркьор тIоритIиялъул хIакъалъулъ суалал.

КIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов**, районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадов, школазул физкультураялъул мугIалимал **ХIажи МухIамадов** (МелъелтIа аслияб школа), ХIамид ТIагьаев (Килаль гьоркьохъеб школа), Ризван Рашидов (ЦIилик гьоркьохъеб школа), Мурад МухIамадов (МелъелтIа гьоркьохъеб школа) ва цогидалги.



**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## КучIдул рикIкIиналъул къецал

**18 ноябралъ Килаль росдал библиотекаялда тIобитIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул председатель МухIамад АхIмадовасул гIумрудул 61 сон тIубаялъул хIурматалда, гьесул кучIдул рикIкIиналъул къецал.**

Дагъистаналъул халкъияв шагIирасул кочIол къецазда гIахьаллъана Килаль росдал школалъул цIалдохъаби. Къецазда байбихьилелде библиотекаялъул заведующая **Гьумайзат Запировалъ** бицана МухIамад АхIмадовасул гIумруялъул ва творчествоялъул, жамгIияталъе гьелъул кIваралъул, гIолеб гIел ВатIан бокьиялъул рухIалда куцаялъул хIалбихьиялъул. Лъималаз бихьизабуна кучIдул цIализе жидерго бугеб махщел, гьунар. Ахиралда лъималазе кьуна сайгъаталги.

**Исрапил Заирбегов**

## Уважаемые Гумбетовцы!

**1 декабря партия «Единая Россия» будет праздновать 15-летний юбилей. По сложившейся традиции в день рождения партии проходит прием граждан**

**Гумбетовское местное отделение ВПП «Единая Россия» сообщает, что 1 декабря 2016 года в здании Культурно-оздоровительного комплекса с.Мехельта, 1-й этаж (в кабинете приемной партии «Единая Россия») с 10 ч 00 мин. по 14 ч. 00 мин. будет осуществляться общественный прием граждан района, с участием представителей исполнительной и законодательной власти всех уровней, органов местного самоуправления .**

**Гумбетовское местное отделение.**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГlАЛ – МАГlАРУЛАЛ ЧlАХЪАГИ

# Грэплингалъул рахъалъ Россиялъул кубок щвана

**МелъелтIа росулъа Мурадбег МухIамадов гIахьаллъана 2016 соналъул 20 ноябралда Москва шагьаралда тIобитIараб грэплингалъул къецазда. Гьесие щвана Россиялъул кубок.**



Мурадбег цевеги спортивияб къецазда, республикаялъул турниразда ва чемпионатазда гIахьаллъун вукIана. МелъелтIа споралъул школалда, тренер **Барти Астимировасул** нухмалъиялда байбихьана гьес спорталъулал ругьунлъабазда.

2012 соналъ МухIамадов цIализе лъугьана Дагъисталъул пачалихъияб халкъияб магIишаталъул университеталде. Грэплингалъе жиго ралда ругьунлъизе байбихьана. Щвана республикаялъул, тIолгороссиялъул къецазда бергьенлъаби.

- Гумбет районалъул нухмалъулез, тIолалго бакълъулаз Мурадбегида баркулеб буго бергьенлъи ва гьарулеб буго хадурккунги спортивияб гIумруялъулъ бергьенлъаби, - ян абуна районалъул культураялъул, физический культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

НИЛЪЕР ТАРИХ

## Щиб хъвалеб букIараб 1952 соналъ «Гумбеталъул колхозчи» газеталда

**Гумбет районалъул газеталъул тIоцебесеб номер къватIибе ана 1952 соналъул 5 январалда. Гьелда цIар букIана «Гумбеталъул колхозчи».**

**«Гумбет» газеталъул редколлегиялъ хIисабалде босун буго гьеб ва хадусел соназ райгазеталда рахъарал цо-цо кIвар бугел информациял къватIире кьезе.**

## ЦIиял нухал

**1951 соналъ ДАССРалъул Министрзабазул Советалъ ва ВКП (б)ялъул Дагъистан Обкомалъ хIукму гьабуна МелъелтIасан ХIаригабурлъи къотIун Казбек районалъул центр Дилималде автомашина хьвадулеб шагьранух бахъизе. Гьеб нух бахъиялъул нилъер районалъе цIакъго цIикIкIараб кIвар буго. Гьелъ рес кьезе буго районалъул колхозазе хъутабазде нахъе къокъаб заманалда хIажатаб къайи щвезабиялъе, Аргъвани, Данухъ гIадал росабалъе автомашина бачIиналъе ва гь. ц.**

МелъелтIасан Дилималде нух бахъиялъул хIалтIи гьабулеб буго МелъелтIа, ЛъаратIа, Аргъвани, Гъадари, Данухъ, ГIаркьухъ росабазул захIматчагIаз ва гьеб хIалтIи лъугIизе буго октябралъул праздникалде.

Гьединго Ингишо росдал советалъул председатель гьал. Б. МухIамадовасул хIаракаталдалъун бахъун лъугIана росолъе автомашина хьвадулеб нух. Цебе росолъ бугеб тукаде къайи хIамуз бачулеб букIараб батани, гьанже гьенибе къайи машинабаз бачизе буго.

КъваригIараб буго росабазул советаз жидерго тIолабго къуват къокъаб заманалда гьел нухал гьарун лъугIизариялде буссинабизе, гьенир хIалтIулел гIадамазе ишалъулаб кумек гьабизе ва гьеб кIудияб хIалтIуде кигIан кIванги цIикIкIун гIадамалги цIазе.

**Ю. Темирханов.**

## ХIукму тIубазабуна

**Килалъ росдал колхозчагIазул гIаммаб собраниялъ февралалъул авалалда хIукму гьабун букIана Инхосан росолъе автомашина хьвадулеб цIияб нух бахъизе. Жидерго хIукму тIубазаби мурадалда, 9 абилеб февралалда росдал захIматчагIаз росулъе цIияб нух бахъун лъугIизабуна.**

Гьеб хIалтIулъ мисал бихьизабун хIалтIана колхозчагIи МухIамаднур КIудадаев, СалихI МухIамадов, ва гь. ц.

Гьал гIагарал къоязда Килалъе тIоцебесеб автомашина бачIана.

**М. СалахIудинов.**

## Агротехника лъазабулеб буго

**ЦIилиль росдал изба – читальнялда цебе гьоркьоса къотIичIого хIалтIулеб буго агро-зоотехника лъазабулеб кружок.**

**Кружокалъ гьорлъе рачун руго колхозалъул бригадирал, дояркаби, звеноводал ва гь. ц. колхозчагIиги.**

Агро-зоотехника малъулеб кружокалдасан колхозчагIазда гIемераб жо лъалеб буго ва гьелъ гьезие хадубккунисеб хIалтIуе кумеки гьабулеб буго.

**З. Асадулаева.**

## Сезоналде хIадурлъун руго

**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизегIан ЧIиркъатIа росулъ пихъил консерваби гьарулеб завод хIалтIулеб букIана. Амма рагъалъ гьелъул хIалтIи гьоркьоса къотIизабуна ва гьеб гIицIго исана гурони цIиги гьабичIо.**

ГьабсагIат заводалъе капиталияб ремонт гьабун лъугIун буго, къачIан руго цехал, хIалтIухъаби жанир чIолел рукъзал, канцелярал, чIезабун буго гьенир хIалтIулезе бусен – къайи ва гь. ц. рукIарахьиналъе къваригIунел шартIалги.

Гьединго заводалда тIобитIулеб буго консерваб банкаби ва компоталъе бочкаби гьариялъул хIалтIиги. Щибаб къоялъ хIалтIухъабаз 1500 банка ва 9 бочкаги гьабула.

**ГI. Рамазанов.**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Физкультураялъул, экологиялъул, обществознаниялъул, искусствалъул предметазул олимпиадаби

**Гумбет районалда унеб буго ТIолгороссиялъул школлъималазул олимпиадазул муниципалияб этап. МелъелтIа гьоркьохъеб школалда 7 – 11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб физкультураялъул, экологиялъул, обществознаниялъул, искусствалъул предметазул олимпиада.**

Физкультураялъул олимпиадаялда 7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана **Хадижат Рашидовалъ** – ЦIилиль СОШ.

8 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIал рикьана **Анварбег ХIизбулаевасда** – Ингишо СОШ, **МухIамад Расуловасда**– Гъоркь Инхо СОШ гьоркьоб. КIиабилеб бакI ккуна **МухIамадрасул АбулхIасановас** – ЦIилиль СОШ.

9 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана **Ислам ГIабдурахIманов** – МелъелтIа СОШ, кIиабилеб бакIал рикьана **СагIидбег Юсуповасда** – Игьали СОШ, **Рамазан Махиевасда** – ЛъаратIа СОШ гьоркьоб.

10 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **ХIажимурад Халидовас** – Игьали СОШ, кIиабилеб бакI **Билал ГьиматовасI** – МелъелтIа СОШ ккуна.

11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана **МухIамад Астимиров** – МелъелтIа СОШ, кIиабилеб бакIалъе **ГIали ГIалиев** – ЛъаратIа СОШ, лъабабилеб бакIалъе **МухIамад СагIадулаев** – ТIад Инхо СОШ.

Районалъул киналго школаздаса экологиялъул олимпиаялда 35, обществознаниялъул олимпиаялда 32 цIалдохъан гIахьаллъана. Экологиялъул олимпиадалда призераллъун рахъана 7 классалъул цIалдохъан **ПатIимат ГIабдулкъадирова** – МелъелтIа СОШ, 8 классалъул цIалдохъан **ГIалиасхIаб Насрулаев** – Килалъ СОШ, 9 классалъул цIалдохъаби **Ислам ДарбищухIумаев** – МелъелтIа СОШ, **Зайнаб Зайирбегова**- Килалъ СОШ, 10 классалъул цIалдохъан **Гогьар Тажудинова** Игьали СОШ ккуна.

Обществознаниялъул олимпиадаялда 7 классалъул цIалдохъан **Зайнаб ГIабдунасирова** – МелъелтIа СОШ, 8 классалдаса **Загьра МухIамадова** – МелъелтIа СОШ, 9 классалдаса **Хадижат МухIамадова** – МелъелтIа ООШ, 10 классалдаса **Шамай ХIажиева**- ЧIиркъатIа СОШ, 11 классалдаса **ГIали ГIалиев**- ЛъаратIа СОШ.

-Исана районалда тIоцебе тIобитIараб «Мировая художественная культура» предметалъул олимпиадалда гIахьаллъана 6 цIалдохъан, - ян абуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** Гьеб предметалъе олимпиадалъул гIахьалчагIазда хIажатал баллазул къадар босизе кIвечIо ва цонигиясе призаллъулаб бакI щвечIо.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2017

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2017 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен ккезе.



Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2017 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**

**Почалдасан – 366,96 гь.**

**Редакциялдасан – 200 гь.**

**Бащдаб лъагIалие:**

**Почалдасан – 183,48 гь.**

**Редакциялдасан-100 гь.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

## Гьаб анкьалда ругел тарихиял къоял

### (28 ноябрь – 4 декабрь)

**29 ноябрь – Палестинаялъул халкъалъул рахъккевелъул халкъазда гьоркьосеб къо.**

**30 ноябрь – информация цIуниялъул халкъазда гьоркьосеб къо.**

**1 декабрь – СПИДалда данде къеркьеялъул тIолгодуниялъул къо.**

**1 декабрь – неврологасул халкъазда гьоркьосеб къо.**

**2 декабрь – Россиялъул банкалъул хIалтIухъанасул къо.**

**2 декабрь – художникасул къо.**

**3 декабрь – юристасул къо.**

**3 декабрь – инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо**

**4 декабрь – Россиялда информатикаялъул къо.**

ДОКУМЕНТЫ

# О налоге на имущество физических лиц

**Налогоплательщиками налога на имущество физических лиц в соответствии с Законом № 2003-1 и главой 32 Кодекса, признаются физические лица, обладающие правом собственности на имущество, признаваемое объектом налогообложения.**

В соответствии с положениями статьи 401 Кодекса, объектом налогообложения по налогу на имущество физических лиц, признается жилой дом, жилое помещение (квартира, комната), гараж, машиноместо, единый недвижимый комплекс, объект незавершенного строительства, иные здания, строения, сооружения, помещения. Нормами главы 32 Кодекса предусмотрена возможность применения в качестве налоговой базы как инвентаризационной, так и кадастровой стоимости объектов недвижимости. Решение о переходе на применение в качестве налоговой базы кадастровой стоимости принимают органы власти субъектов Российской Федерации в течение переходного периода до 2020 года.

Сведения об объектах налогообложения налогом на имущество физических лиц и правах на них, в том числе о кадастровой стоимости, представляются в налоговые органы органами, осуществляющими кадастровый учет, ведение государственного кадастра недвижимости и государственную регистрацию прав на недвижимое имущество и сделок с ним, в порядке, установленном статьей 85 Кодекса.

Главой 32 Кодекса предусмотрен ряд механизмов, позволяющих справедливо распределить бремя налога и снивелировать рост налоговой нагрузки на граждан, нуждающихся в социальной защите. Во-первых, при переходе на порядок исчисления налога исходя из кадастровой стоимости Кодексом предусмотрены налоговые вычеты, позволяющие уменьшить налоговую базу в отношении определенного перечня объектов недвижимости на величину кадастровой стоимости части общей площади соответствующих объектов недвижимости (пункты 3-6 статьи 403 Кодекса).

Во-вторых, снижены размеры предельных налоговых ставок. Так, в соответствии с положениями статьи 406 Кодекса, в случае определения налоговой базы исходя из кадастровой стоимости, предельные налоговые ставки могут быть установлены в размерах, не превышающих 0,3% в отношении основного перечня видов имущества, которым владеют физические лица.

В-третьих, положениями главы 32 Кодекса определен перечень льготных категорий граждан, освобождаемых от уплаты налога на имущество физических лиц в соответствии с федеральным законодательством. При введении с 1 января 2015 года в действие главы 32 Кодекса, все категории граждан, ранее освобождаемые от налогообложения, сохранены. При этом согласно пункту 2 статьи 399 Кодекса при установлении налога нормативными правовыми актами представительных органов муниципальных образований могут также устанавливаться налоговые льготы, не предусмотренные главой 32 Кодекса, основания и порядок их применения налогоплательщиками.

Также положениями статьи 408 Кодекса предусмотрено равномерное увеличение налоговой нагрузки на налогоплательщиков путем применения при исчислении налога понижающих коэффициентов, установленных применительно к соответствующему налоговому периоду введения налога на имущество физических лиц от кадастровой стоимости.

Надо помнить, что нормами главы 32 Кодекса определено, что льгота предоставляется в отношении одного объекта налогообложения каждого вида по выбору налогоплательщика вне зависимости от количества оснований для применения налоговых льгот:

1) квартира или комната;

2)жилой дом;

3)помещение или сооружение, указанные в подпункте 14 пункта 1 статьи 407 Кодекса;

4)хозяйственное строение или сооружение, указанные в подпункте 15 пункта 1 статьи 407 Кодекса;

5) гараж или машино-место.

В целях реализации права налогоплательщика на выбор объектов налогообложения, в отношении которых будет представлена льгота по налогу на имущество физических лиц, приказом ФНС России от N2 ММВ- 7-11/280@ утверждена форма уведомления о выбранных объектах налогообложения, в отношении которых предоставляется налоговая льгота по налогу на имущество физических лиц. Таким образом, льготные категории граждан освобождаются от уплаты налога на имущество физических лиц в полном объеме только, например, в отношении одной квартиры вне зависимости от количества квартир, принадлежащих на праве собственности. Следует отметить, что предоставление льготы носит заявительный характер. Таким образом, лица, имеющие право на льготы, самостоятельно представляют необходимые документы в налоговые органы, либо, воспользовавшись правом, предусмотренным пунктом 1 статьи 26 Кодекса, через законного или уполномоченного представителя.

## О рассылке налоговых уведомлений

О текущем году срок уплаты налога на имущество, земельного и транспортного налогов физических лиц установлен не позднее 1 декабря (с учетом изменений, внесенных Федеральным законом от №320-ФЗ).Налоговый орган направляет налогоплательщику налоговое уведомление не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа. Работа по направлению налоговых уведомлений через отделения почтовой связи будет завершена до середины октября текущего года.

Обращаем внимание, что гражданам, получившим доступ к Личному кабинету налогоплательщика, налоговые уведомления направляются в электронной форме через личный кабинет налогоплательщика. На бумажном носителе уведомления пользователям личного кабинета дублироваться не будут.

В текущем году это не относится к пользователям, подключившимся в сентябре-ноябре 2016 года. То есть пользователи, подключившиеся к личному кабинету недавно, получат почтой уведомления за 2015 год, однако в следующем году документ на бумажном носителе по умолчанию уже не получат. При необходимости получения налогового уведомления на бумаге через отделения почтовой связи налогоплательщики должны направлять «Уведомления о необходимости направления документов на бумажном носителе» в адрес налогового органа через личный кабинет налогоплательщика. Следует отметить, что в настоящее время (после 1 сентября 2016 года) указанный признак будет распространяться лишь на налоговые уведомления за 2016 и последующие годы.

Для направления уведомления о необходимости направления документов на бумажном носителе нужно получить усиленную неквалифицированную электронную подпись. Это можно сделать через «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» бесплатно, в разделе «Профиль». По выбору налогоплательщика электронная подпись может храниться либо на его рабочей станции, либо в защищенном «облачном» хранилище ФНС России. С помощью неквалифицированной электронной подписи можно подписывать не только «Уведомления о необходимости направления документа на бумажном носителе», но и такие документы, как налоговая декларация по форме 3-НДФЛ, заявление на зачет или возврат излишне уплаченных сумм, заявление о предоставлении налоговой льготы и т.д.

В случае указания на отсутствие возможности направления уведомления через личный кабинет или наличия иных «личных» причин необходимо принять уведомление на бумаге и обеспечить внесение соответствующей отметки в программное обеспечение.

**Отдел работы с налогоплательщиками**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Если заработную плату задерживают

### С 03 октября 2016 в статью 236 Трудового кодекса Российской Федерации внесены изменения

**Так, при нарушении работодателем установленного срока соответственно выплаты заработной платы, оплаты отпуска, выплат при увольнении и (или) других выплат, причитающихся работнику, работодатель обязан выплатить их с уплатой процентов (денежной компенсации) в размере не ниже одной сто пятидесятой действующей в это время ключевой ставки Центрального банка Российской Федерации (в устаревшей редакции не ниже одной трехсотой действующей в это время ставки рефинансирования) от не выплаченных в срок сумм за каждый день задержки, начиная со следующего дня, после установленного срока выплаты по день фактического расчета включительно.**

При неполной выплате в установленный срок заработной платы и (или) других выплат, причитающихся работнику, размер процентов (денежной компенсации) исчисляется из фактически не выплаченных в срок сумм.

Размер выплачиваемой работнику денежной компенсации может быть повышен коллективным договором, локальным нормативным актом или трудовым договором. Обязанность по выплате указанной денежной компенсации возникает независимо от наличия вины работодателя.

**Шамиль Магомедов,**
**помощник прокурора**
**Гумбетовского района,**
**юрист 1 класса**

БетІерав редактор
ХІамзат ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.